



Pou Piblikasyon Imedya: 04/05/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 90 MILYON DOLA NAN PWOJÈ RENOVASYON NY PARKS 2020 AN

Pak Eta a yo pral Lanse Pwojè yo Imedyatman nan Pak ak Sit Istorik Atravè New York la yo

Rapò Pwogrè a Bay Detay sou Investisman 700 Milyon Dola k ap fèt nan Pak Eta a yo Depi 2011 lan

“I Love My Park Day” k ap Samdi a ap Selebre Tèren Piblik New York la yo

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse 90 milyon dola pou pwojè revitalizasyon ak renovasyon nan prèske 50 park Eta ak sit istorik toupatou atravè New York ane sa a. Finansman an, yo te enkli nan Bidjè Eta pou ane 2018-19 la, kontinye yon transfòmasyon enpòtan k ap fèt an sistèm pak la kote yo te investi plis pase 700 milyon dola nan amelyorasyon nan pak ak sit istorik yo depi 2011.

“Sistèm pak ki gen kalib mondyal nou an atire anpil milyon Nouyòkè ak vizitè chak ane, epi angajman finansye yo kontinye pran pral asire pyè presye sa yo rete an bon eta pandan anpil ane k ap vini ankò”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Investisman sa a pral kontinye fè amelyorasyon ak reparasyon yo byen bezwen nan Pak Eta a yo adore yo pou pwomouvwa lwazi anplennè ki bon pou lasante, prezève anviwonman nou an ak estimile ekonomi lokal yo.”

Pwojè yo fè pati plan NY Parks 2020 Gouvènè a, ki se yon angajman yo pran sou plizyè ane pou vitalize sistèm pak eta a. Gouvènè a angaje 90 milyon dola nan pwojè sa nan Bidjè Eta 2018-19 la. Jiskaprezan, inisyativ la te investi 700 milyon dola nan 176 pak ak sit istorik - ki gen ladan 76 lakou rekreyasyon, k ap konsève 5,665 ekta tèren zòn tanpon, k ap reyabilite 322 kilomèt santye, epi kòmanse konstriksyon oswa amelyorasyon nan 300 kabin ak ti kay ak nan 30 sant lanati ak sant kiltirèl. Senkant senk pousan nan finansman an te pou yo repara ak amelyore enfrastriki debaz—tankou egou, sistèm dlo yo, wout, pon, kanivo, twalèt, sistèm elektrik ak konektivite entènèt yo. Inisyativ la ap priorize tou transfòmasyon 31 pak vedèt ak pak ki te sèvi kominote ki manke aksè a lwazi anplennè yo—pak sa yo te sèvi 80 pousan nan frekantasyon sistèm lan. Nan menm peryòd la, frekantasyon pak la yo te ogmante 23 pousan pou rive 71 milyon vizitè ane pase. Yon nouvo rapò, ki titre “Konstwi Meyè Pak” (Building Better

Parks), te ofri detay sou kijan investisman an ap modènize ak transfòme sistèm pak la. W ap wè rapò a [isit la](#).

“Pak yo se pyè presye kominote atravè Eta a yo, epi finansman sa a pral pèmèt yo fè amenajman pou amelyore yo pou fanmi ak timoun yo kontinye jwi yo”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare**. “New York se kote ki gen kèk nan pak ki pi bèl ak sit istorik ki pi anblematik nan mond lan yo. Mwen ap ankouraje Nouyòkè yo pou yo ofri tèt yo kòm volontè nan kad ‘I Love My Park Day’ pou ede netwaye ak prepare pou sezon ete n ap tann depi lontan an.”

Anons lan fèt pandan anpil milye Nouyòkè ap prepare yo pou yo fè volontarya pandan setyèm “I Love My Park Day” (Jounen Mwen Renmen Pak Mwen an), k ap fèt 5 Me 2018 nan pak eta a, sit istorik ak tèren piblik toupatou atravè New York la yo. Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik Eta New York la (New York State Office of Parks, Recreation and Historic Preservation) ak Pak ak Santye New York yo (Parks and Trails New York) mete ansanm pou patwone evènman an, ki se yon aktivite k ap fèt atravè tout eta a pou amelyore pak, sit istorik ak teren piblik yo epitou fè sansibilizasyon ak pote vizibilite sou lwazi anplennè eta a gen kòm atou ak sou bezwen yo genyen yo. Benevòl yo pral gen opòtinite pou yo patisipe nan aktivite netwayaj k ap fèt nan plis pase 135 pak eta, sit istorik ak tèren piblik ki gen pami yo sit ki sou direksyon Depatman Konsèvasyon Anviwònmantral la (Department of Environmental Conservation, DEC), Sèvis Pak Nasyonal la (National Park Service) ak pak minisipal yo. Pou plis enfòmasyon sou aktivite “I Love My Park Day” ki tou prè lakay ou tanpri [klike isit la](#).

“Gouvènè Cuomo ap trase chemen an nan modènizasyon sistèm pak eta a ki pi ansyen nan nasyon an”, **Rose Harvey, Komisè Pak Eta yo, te di**. “Nou te kòmanse ranvèse anpil ane deklèn ki te genyen nan pak istorik vedèt nou yo, pandan n ap agrandi aksè rekreyasyonèl pou kominote ki te mal desèvi yo pandan twò lontan yo. Vizitè Pak ki ale Niagara Falls, Watkins Glen, Green Lakes, Roberto Clemente, Jones Beach, Olana, Harriman ak anpil lòt pak ankò yo pral wè nou te touche toule kat kwen eta a.”

Anplis de 70 milyon dola nan pwojè konstriksyon yo te anonse jodi a yo, bidjè a bay 20 milyon dola pou fè divès amelyorasyon toupatou nan sistèm lan, tankou investisman nan pano siyalizasyon, teknoloji, pwoteksyon resous natirèl yo - epi yo atribiye finansman an pou konsevwa pwojè alavni yo, pou evènman ijans yo, pou enjeniri ak siveyans konstriksyon yo.

Prezidan Komite Zafè Kiltirèl, Touris, Pak ak Lwazi a (Committee on Cultural Affairs, Tourism, Parks and Recreation) Sena a, Senatè Rich Funke te deklare, “Antanke Prezidan Komite Zafè Kiltirèl, Touris, Pak ak Lwazi a, mwen konnen ke pak eta nou an yo se yon atraksyon enpòtan pou rezidan ak touris yo. Endistri touris la vital pou eta nou an paske l pote 8 milya dola nan revni pa ane. Mwen soulaje paske m wè Rochester ak rejyon Finger Lakes la enkli nan plan pou amelyore sit istorik, popilè ki gen yon istwa long ak rich nan rejyon nou an yo epi ki pral kontinye sèvi kòm destinasyon privilejye”.

Prezidan Komite Pak ak Touris Asanble a, Manm Asanble Daniel O'Donnell te deklare, “Amelyore sistèm Pak nou an esansyèl pou ofri espas sekirite ak akeyan ki sèvi anpil milyon Nouyòkè chak ane. Anplis de sa a, pak eta nou an yo ranfòse ekonomi

lokal yo lè yo ankouraje touris rekreyasyonèl ak touris lanati. Pak Eta New York la yo sèvi kòm ankraj pou kominote yo angaje avèk yo epi aprann de anviwonman nou an, sa k ap sèvi anpil fanmi ak avantiryè yo. Lejislati eta a ap pran defi pou modènize sistèm pak ki pi ansyen nan nasyon an trè oserye, epi nou fyè paske nou te pwomilge yon bidjè ki gen ladan 90 milyon dola nan finansman pou prèske 50 pak eta a ane sa a”.

Pwojè Pak yo pral fèt nan rejyon ki annaprè yo:

Rejyon Kapital: 3.8 milyon dola pou 5 pak

Capital Region	Pwojè	Kantite Lajan
Grafton Lakes State Park	Ranplase soupap echapman Baraj Dunham lan	\$50,000
John B. Thacher State Park	Amelyore santye velo montay yo	\$30,000
Olana State Historic Site	Kontinye amelyorasyon plan direktè yo	\$1,000,000
Saratoga Spa State Park	Amelyore ranp balkon, balistrad ak ekleraj SPAC yo	\$1,750,000
Saratoga Spa State Park	Kontinye reyabilitasyon ki ankou nan bilding ak lakou kanpis la yo	\$600,000
Saratoga Spa State Park	Amelyore sistèm distribisyon elektrik la	\$250,000
Saratoga Spa State Park	Amelyore pwen depa santye yo	\$16,000
Susan B. Anthony Historic Site	Reyabilite kay istorik	\$150,000
Total		3.8 milyon dola

New York Santral: 3.5 milyon dola pou 4 pak

Central New York	Pwojè	Kantite Lajan
Fair Haven Beach State Park	Konstwi ak renove kabin yo	\$1,500,000
Green Lakes State Park	Modènize sistèm elektrik prensipal la	\$400,000
Green Lakes State Park	Amelyore santye yo	\$54,000
Lorenzo State Historic Site	Repare ak mete pwoteksyon kont entanpri nan twati manwa a	\$400,000
Selkirk Shores State Park	Reyabilite sistèm elektrik park la	\$1,100,000
Total		3.5 milyon dola

Rejyon Finger Lakes: 2.9 milyon dola pou 2 pak

Finger Lakes	Pwojè	Kantite Lajan
Hamlin Beach State Park	Ranplase de bilding douch sou tèren kan yo	\$700,000
Letchworth State Park	Reyabilite Espas Pisin Lower Falls la	\$950,000
Letchworth State Park	Reyabilite Etan pou Twit ak Baraj la	\$500,000

Letchworth State Park	Demenaje Refij CCC St. Helena a	\$350,000
Letchworth State Park	Reyabilite otèl Glen Iris Inn lan - 1ye Faz la	\$275,000
Letchworth State Park	Otomatizasyon Baryè	\$100,000
Total		2.9 milyon dola

Mid-Hudson Valley: 12.9 milyon dola pou 10 pak

Mid-Hudson Valley	Pwojè	Kantite Lajan
Bear Mountain State Park	Amelyorasyon Santye Apalach la yo ak Mize Trailside la ak Zoo a	\$120,000
Harriman State Park	Modènize tretman dlo ize	\$3,250,000
Harriman State Park	Kontinye Renovasyon kan Gwoup Timoun	\$400,000
Harriman State Park	Reyabilite Baraj Lak Welch la - Soupap Ba Nivo a	\$130,000
Minnewaska Park Preserve	Kontinye inisyativ transfòmasyon pak la	\$4,000,000
Rockland Lake State Park	Modènize Tèren Gòlf la	\$75,000
Rockland Lake State Park	Ranplase transfòmasyon elektrik la	\$100,000
Fahnestock State Park	Amelyore sistèm dlo ak dlo ize a	\$250,000
Fahnestock State Park	Amelyore entèpretasyon Sant Edikasyonèl Aplennè Takonik la (Taconic Outdoor Education Center)	\$2,500,000
Hudson Highlands State Park	Konstwi amelyorasyon enèji ak dirabilite anviwonmantal yo	\$400,000
Mills-Norrie State Park	Modènize sistèm distribisyon elektrik la	\$1,000,000
Taconic Region	Amelyorasyon nan sistèm septik rejyonal yo	\$250,000
Taconic State Park	Enstale nouvo sistèm septik nan Complex Cabin Ironworkers la	\$300,000
Walkway Over The Hudson State Historic Site	Kontinye reparasyon ak antretyen anyèl nan platfòm yo	\$75,000
Total		12.9 milyon dola

Long Island: 16 milyon dola pou 12 pak

Long Island	Pwojè	Kantite Lajan
Bethpage State Park	Modènize tèren gòlf la	\$500,000
Caumsett State Historic Site	Transfòme antre pak la	\$1,500,000
Captree State Park	Konsevwa ak konstwi sistèm rediksyon nitwojèn	\$450,000
Captree State Park	Tèren Imid Dlo Lapli yo	\$550,000
Connetquot River Park Preserve	Modènize sistèm sanitè	\$96,400
Connetquot River Park Preserve	Konsevwa ak konstwi sistèm rediksyon nitwojèn	\$325,000

Heckscher State Park	Konekte pak yo ak sistèm tretman dlo egou minisipal la	\$330,000
Jones Beach State Park	Kontinye inisyativ transfòmasyon pak la	\$10,000,000
Montauk Downs State Park	Modènize sistèm sanitè	\$75,000
Orient Beach State Park	Modènize sistèm sanitè	\$55,000
Planting Fields Arboretum State Historic Park	Modènize sistèm sanitè	\$90,000
Long Island Region	Modènize sistèm sanitè rejyonal yo	\$1,000,000
Sag Harbor State Park	Modènize sistèm sanitè	\$60,000
Sunken Meadow State Park	Amelyore espas pakin Field 2 Parking Lot la	\$1,000,000
Total		16 milyon dola

Vil New York: 17 milyon dola pou 4 pak

New York City	Pwojè	Kantite Lajan
Clay Pit Ponds Park Preserve	Amelyore santye yo ak pano siyalizasyon santye yo	\$72,000
Brooklyn	Konstwi nouvo pak eta nan Jamaica Bay	\$15,000,000
Riverbank State Park	Amelyore sal teyat ak pano siyalizasyon	\$135,000
Roberto Clemente State Park	Ranplase ekipman elektrik demode yo	\$1,800,000
Total		17 milyon dola

North Country: 4.7 milyon dola pou 3 pak

North Country	Pwojè	Kantite Lajan
Higley Flow State Park	Konstwi sèt twalèt ranplasan nan tèren kan an yo	\$1,400,000
Long Point State Park	Ranplase twalèt sou tèren kan ki deteryore yo	\$250,000
Westcott Beach State Park	Konstwi dis kabin/ti kay a lwe	\$3,000,000
Total		4.7 milyon dola

Southern Tier: 2.7 milyon dola pou 3 pak

Southern Tier	Pwojè	Kantite Lajan
Chenango Valley State Park	Amelyore santye yo	\$35,000
Robert Treman State Park	Reyabilite santye Gorge la a	\$75,000
Watkins Glen State Park	Modènizasyon nan Sistèm Dlo yo	\$2,600,000
Total		2.7 milyon dola

Rejyon Lwès New York: 5.7 milyon dola pou 4 pak

Western New York	Pwojè	Kantite Lajan

Allegany State Park	Reyabilite Bilding Administrasyon Red House la, ki gen ladan fenèt ak pòt eksteryè yo, masonnri ak drenaj	\$2,500,000
Allegany State Park	Enstale kazye alimantè ki gen pwoteksyon kont lous nan tèren kan pak la yo	\$75,000
Allegany State Park	Rekouvri sifas santye soti Thunder Rocks rive Little Ireland	\$55,000
Allegany State Park	Rekouvri Sifas Santye eski Lower Patterson/Bova a	\$55,000
Allegany State Park	Reyabilite Santye Cheval (Horse Trail) #11: Kan santye 10/12 Power Lines Trail la	\$15,000
Earl W. Brydges Artpark	Modènize sistèm distribisyon elektrik la	\$300,000
Earl W. Brydges Artpark	Modènize ekleraj nan Brick Road	\$200,000
Evangola State Park	Konsevwa ak konstwi nouvo estasyon relèvman	\$225,000
Niagara Falls State Park	Kontinye inisyativ revitalizasyon pak la	\$1,025,000
Niagara Falls State Park	Rekonstwi Goat Island Center Road	\$1,200,000
Total		5.7 milyon dola

Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik la nan Eta New York sipèvize plis pase 250 pak, sit istorik, santye rekreyatif, teren gòlf, ranp lansman bato ak plis bagay toujou, ki resevwa vizit 71 milyon moun chak ane. Yon etid resan te dekouvri ke Pak Eta New York yo jenere 5 milya dola nan depans vizitè ak pak yo, ki ap sipòte prèske 54,000 pòs travay ak plis pase 2.8 milya dola nan PIB adisyonèl eta a.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
 Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)